# Leeb yi ak dëgg yi (I)

**Amna ay njumte yu bari yu am ci doomu jangooro ji VIH ak feebaru sida. Du lepp lo degg ci VIH ak sida dëggle. Xobb bi da lay dimbali nga rañee liiy leeb ak liiy dëgg.**

**Leeb ✗**

**Pàcc mi xeex doomi jangooro ji dafa and ak loorangee.**




**Dëgg ✓**

**Garab yi xeex doomi jangooro ji teey, loorange yi mu andal lu neew la, tamit taar gi demewul nonu wutte yi dan am ak garab yu jëkk ya yi dan xex VIH.**

Li ëpp ci li waral loorange yi mu ngi ajo ci yaramu nit ki ci ni miiy tamale boppam garab bu yess bi muy jël, tax ba day dem bu wesso ay bes yu neew gànaw bi nu ko tambale. Loorange yu taar yi nak bariwul li nu koy giis lu yagg. Lu mën ti doon bu la garab di indil ay loorange, sa doktoor mën na la sopil sa garab.

**Leeb ✗**

**Nit ni amee VIH mën naan di wal ñeneen ci seen ni yëŋu bës bu ne.**




**Dëgg ✓**

**VIH mu ngi wale gànaw ndox yi ne ci yaram (masalan deret, ndoxum ngoor ba ndox mi ci baxu jigeen) da fa dugg ci yaramu beneen nit.**

Li mënul am ci lëŋŋo, ci waxtaan ak keneen, ba ci bokkante guddu, kopp, sarbet ba wanak ak keneen. Li tax, walante VIH du am ci fan yi un liim.

**Leeb ✗**

**Soxlawo di Jël garab yi xex doomi jangooro bi, bu la feebar bi daanel lul.**




**Dëgg ✓**

**Bo dul fàccu, VIH bi day Yax sa karaange yaram ci, ndam dune fanŋ (pexe bi aar yaram). Yeen ci yaxu keen du ko mën defaraat.**

Tambali fàcc mi bala muy yax karaange gi mo gën, ndax di na la fagg ci feebar yi mëna nëw. Ngir nga xam ban app mo gën ci tambali fàcc miiy xex doomi jangooro, di naan di setlu sa deret ngir xam ñaata CD4 la am.

**Leeb ✗**

**Mën naan wëral VIH.**




**Dëgg ✓**

**Ndam ay gëstu am naan ci walu xarale, ba leggi amul lu fàcc luy wëral VIH.**

Fàcc miiy xex doomi jangooro ji mën fexe ba lu baari ci VIH yi ci yaram seey, wante doomi jangooro ji du jeex muk ci yaram. Di na ne ci yeneen pacc yaram wi, deme ni buttit yi. Sayo baye di jël garab yi yiiy xex doomi jangooro ji, VIH day dellusi di yokko ak tassat ci yaram wi.

nam

Jumtukay bi nuy siiwal mu ngi sukkandiko ci bi mouy dippi te mbotaay NAM di gën, muddi mbotaay bu wuttul alaal ci VIH, te ubbi mankanam ca Reewmum Angalterr. Ndeeyi siiwal bac i Xéttum web www.aidsmap.com. Tekki nungi ko def ci ndigëlu NAM.

grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
contact@gtt-vih.org
www.gtt-vih.org
Barcelona (España)

POR FAVOR, FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR

Subvencionado por: Generalitat de Catalunya Departament de Salut, Programa de Prevenció i Assistència de la Sida; Ajuntament de Barcelona, Qualitat de vida, Igualtat i Esports; Diputació Barcelona, Serveis de Benestar Social

Colaboran: ETIS